



Pou Piblikasyon Imedya: 1/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN KANPAY KÒLÈK JWÈT, MANTO AK MATERYÈL ESKOLÈ KI POU BENEFISYE NOUYÒKÈ KI NAN BEZWEN YO

Kanpay la ap kòmanse 1 desanm nan tout eta a

Y ap aksepte pake ki ekspedye yo nan Empire State Plaza

Flayè pou kanpay jwèt la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kanpay anyèl don pou sezon fèt la nan tout eta a pou benefisye fanmi ki gen bezwen nan New York yo pral kòmanse 1 desanm 2022. Yo ap chèche don nouvo jwèt ki pa vlope, manto ak materyèl eskolè pou kapab asiste òganizasyon ki baze sou kominote yo pandan sezon don fèt lan.

"Nan sezon fèt sa a, mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo reyini ansanm pou sipòte fanmi ak timoun yo atravè eta a ki nan bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kanpay Jwèt ak Manto Anyèl New York la se yon gwo opòtinite pou pote kèk lajwa ak espwa ki nesesè anpil nan kominote nou yo, epi tout moun ki gen mwayen pou fè sa ka pwopaje lajwa fèt la lè yo fè don."

Biwo Sèvis Jeneral (Office of General Services, OGS) Eta New York la te etabli lokal livrezon yo atravè eta a kote biznis ak moun yo kapab pote nouvo jwèt ki pa vlope, manto ak materyèl eskolè, ke yo pral distribye bay fanmi yo ki nan kominote defavorize yo toupatou nan eta New York.

Lokal pou livrezon yo pral kolekte don yo apati 1 desanm pou rive jiska 16 desanm. Men lokal yo:

- Alfred E. Smith Building, 80 South Swan Street, Albany
- Empire State Plaza Main Concourse, Empire State Plaza, Albany
- Corning Tower, Empire State Plaza, Albany
- Agency Buildings 1,2,3,4 - Empire State Plaza, Albany
- Robert Abrams Building for Law and Justice Empire State Plaza, Albany
- Swan Street Building, Core 2 ak Core 3, Empire State Plaza, Albany

- Harriman Campus Buildings 5, 6, 7, 7A, 8, 12 Harriman Campus, 1220 Washington Avenue, Albany
- Ten Eyck Building, 40 North Pearl Street, Albany
- 50 Wolf Road, Albany
- 625 Broadway, Albany
- Hampton Plaza, 38-40 State Street, Albany
- 44 Holland Avenue, Albany
- 328 State Street, Schenectady
- Senator John J. Hughes State Office Building, 333 E. Washington Street, Syracuse
- Dulles State Office Building, 317 Washington Street, Watertown
- Utica State Office Building, 207 Genesee Street, Utica
- Eleanor Roosevelt State Office Building, 4 Burnett Boulevard, Poughkeepsie
- Henderson-Smith State Office Building, 107 Broadway, Hornell
- Binghamton State Office Building, 44 Hawley Street, Binghamton
- NYS State Police, 1155 Scottsville Road, Rochester
- Homer Folks Facility, 28 Hill Street, Oneonta
- Electric Tower, 535 Washington Street, Buffalo
- Perry B. Duryea State Office Building, 250 Veterans Memorial Highway, Hauppauge
- Adam Clayton Powell, Jr. State Office Building, 163 West 125th Street, New York City
- Shirley A. Chisholm State Office Building, 55 Hanson Place, Brooklyn

Ou ka ekspedye pake ou kòmande anliy yo nan kote sa yo:

Empire State Plaza
 P1 South Dock J
 Albany, New York 12242
 NYS Holiday Drive

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418